# QARAQALPAQ TIL BILIMINDEGI LINGVOPOETIKA MÁSELELERI

**Pirniyazova A.K.**
*filologiya ilimleriniń doktorı, NMPI qaraqalpaq tili kafedrasınıń professorı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15078953

***Annotaciya***. *Kórkem teksttiń estetikalıq xızmetine kóbirek kewil bólinip, onda paydalanılǵan til birlikleriniń semantikası, poetikalıq funkciyası tereń itibarǵa alınbaqta. Qaraqalpaq shayırlarınıń poeziyalıq shıǵarmaları izertlew obyekti bolıp atır. Maqalada sońǵı jıllardaǵı qaraqalpaq til biliminde alıp barılǵan lingvopoetika baǵdarı boyınsha izertlewlerge sholıw jasalǵan.*

***Tayanısh sózler:*** *Qaraqalpaq shayırları, shıǵarma, poetika.*

Lingvopoetikalıq izertlewler kórkem ádebiyattı hám onıń tilin dóretiwshilik hárekettiń nátiyjesi sıpatında qarawı, onıń lingvistikalıq hám ádebiyattanıw koncepciyaların birlestiriwge umtılıw tendenciyası menen ózgeshelenedi. Lingvopoetikada kórkem ádebiyattıń barlıq dúzilisi: ideyalıq-tematikalıq, mazmunlıq, strukturalıq, estetikalıq hám tillik reallasıwınıń birligi, pútinlik retinde, olardıń birin-biri tolıqtırıp barıwı baǵdarında izertlep úyreniledi. Bul baǵdardaǵı izertlewler basqa tillerde álle qashan qáliplesse de qaraqalpaq til biliminde ayırım maqalalar dógereginde qalǵan edi.

Kórkem tekstti lingvopoetikalıq úyreniwdiń teoriyalıq máseleleri, atap aytqanda, kórkem teksttiń poetikalıq fonetikası, morfologiyası, semantikası, sintaksisi, tekst lingvopoetikası hám onıń tiykarǵı birliklerindegi teoriyalıq máseleler hár tárepleme sóz etiletuǵın til biliminiń lingvopoetika tarawı sońǵı jılları qaraqalpaq til biliminde izertlew obyektine aynaldı.

Qaraqalpaq filologiyasında kórkem ádebiyat tiliniń ózgesheligi, kórkem ádebiyattıń tillik shólkemlesiwiniń lingvistikalıq hám poetikalıq tiykarları, onı ilimiy analizlewdiń sistemalı usılları, teoriyalıq-metodologiyalıq tiykarı boyınsha jerkilikli dárejedegi ilimiy jónelisler belgilenip, onıń teoriyalıq negizi jaratılıwı lazım edi. Usı wazıypalardı orınlawǵa arnalǵan Sh.Abdinazimovtıń «Lingvopoetika» atlı oqıw qollanbası baspadan shıqtı [5].

Miynette lingvopoetikalıq izertlewlerdiń obyekti menen predmetiniń tiykarǵı belgileri, funkcionallıq ózgesheligi, qurılısın anıqlawǵa arnalǵan izertlew usılları arqalı júrgizilgen. Kórkem tekst, birinshi gezekte, kórkem ónerdiń ayrıqsha bir túri bolǵan dóretpe bolǵanlıqtan izertlewler eki baǵdarda alıp barılǵan: mazmunnan formaǵa qaray; formadan mazmunǵa qaray. Lingvopoetikalıq izertlewlerdiń usı eki baǵdarı ulıwmalıq hám jeke metodlardı qollanıw arqalı ámelge asırılǵan. Olardan analiz hám sintez, analogiya hám salıstırıw, indukciya hám dedukciya, oppozitivlik,

sıpatlama, transformaciyalıq metod, komponentlik analiz hám t.b. metodlar. Bul metodlar ayırım halda hám kompleksli túrde de qollanılğan. Oqıw qollanbada qaraqalpaq klassik shayırları shığarmaları tiliniń poetikalıq fonetikası, poetikalıq morfologiyası, poetikalıq semantikası, poetikalıq sintaksisi hám tekstlerdiń lingvopoetikası atalğan metodlar járdeminde úyrenilgen.

D.K. Erjanovanıń dissertaciyalıq jumısı Ibrayım Yusupov poemaların lingvopoetikalıq bağdarda talqılawğa bağıshlanğan. Poemalardağı leksikalıq birlikler – sinonimler, antonimler, omonimlerdiń lingvopoetikalıq ózgeshelikleri úyrenilgen. Bunnan soń frazeologizmler menen naqıl-maqallardıń shayır poemalarındağı lingvopoetikalıq xızmetleri sóz etiledi. Poemalardıń obrazlılığı ushın qollanılğan kórkem súwretlew qúrallarınan metaforalar, metonimiya, sinekdoxa hám epitetler mısallar járdeminde anıqlap berilgen. Avtor I.Yusupovtıń sóz qollanıw, sózlerge poetikalıq wazıypa júklewdegi ózine tán ózgeshelik hám sheberligin ashıp bergen. Shayırdıń qaraqalpaq ádebiy tilin jańa kórkemlew quralları menen bayıtqanın, shığarmalarında original teńewlerdiń, epitet, metaforalardıń qollanılıwı nátiyjesinde tásirsheńliktiń artqanın, emocionallıq-ekspressivlik boyawlardıń kórkem ekspressivlik berip turğanın anıqlağan [3].

Kazımbetova Z.M. belgili shayır J.Izbasqanov shığarmalarınıń lingvopoetikalıq analizin dissertaciyalıq bağdarda izertledi [4]. Jumısta bir qansha jańalıqlardı baqlaw múmkin: Qaraqalpaq filologiyasında kórkem shığarmalardıń tili usı waqıtqa deyin ádebiyattanıw bağdarları tiykarında sóz etilip kiyatır. Al lirikalıq shığarmalar tiliniń fonetikası (dawıslı, dawıssız seslerdiń stillik imkaniyatları), sintaksislik dúzilisi, punktuaciyalıq poetikası, lingvopoetikalıq izertlewler endi qolğa alınıp atır. Qaraqalpaq til biliminde bul bağdardıń tiykarı professor Sh. Abdinazimovtıń izertlewlerinen baslanğan bolıp, talqılanıp atırğan dissertaciyalıq miynet usı tiykarda dawam ettirilgen jumıs bolıp tabıladı.

Dissertant J. Izbasqanovtıń dóretiwshiligin izertlew arqalı poeziyalıq shığarmalarda til birliklerinen, seslerdiń, sintaksislik konstrukciyalardıń, punktuaciyalıq belgilerdiń tiykarğı xızmetinen tısqarı hárqıylı stillik maqsetlerde jumsalıw múmkinshiligin mısallar menen keltirgen.

Lingvopoetika – bul lingvistika menen ádebiyattanıwğa jaqın. Onıń óz bağdarı, izertlew metodları, principleri jağınan ózgeshe jańa taraw. Usı tarawdıń ózine tán terminleri bar. Jumısta qaraqalpaq til bilimine lingvopoetikağa baylanıslı bir qansha jańa terminler kirgizilgen, olarğa J. Izbasqanov shığarmaları boyınsha mısallar tiykarında anıqlama engizilgen.

J.Buxarbaevanıń dissertaciyalıq jumısı jáne bir belgili shayır T. Mátmuratov shıǵarmalarınıń lingvopoetikasın izertlewge arnalǵan [2]. Shayır shıǵarmalarınıń poetikalıq mánisin ashıp beriwde qollanılǵan sinonimler, antonimler, okkazionalizmler ayrıqsha orın tutatuǵının avtor mısallar menen dálillep beredi. Sonıń menen birge T. Mátmuratov tárepinen qollanılǵan troplar – epitet, teńew, metafora, metonimiya, sinekdoxalardıń shıǵarmadaǵı poetikalıq xızmeti sóz etilgen. Shıǵarmalarda xalıq awızeki dóretpelerinen frazeologizmlerdi, naqıl-maqallardı obrazlılıq jasawda shayırdıń sheberlik penen qollanǵanı atap ótilgen. Jumısta T. Mátmuratov shıǵarmalarınıń sintaksislik poetikası tereń úyrenilgen. Bunda tákirar, anafora, epifora, gradaciya, ritorikalıq sorawlardıń shayır tárepinen ózine tán ózgeshelik hám sheberlik penen qollanılıwı sóz etilgen.

A.P. Nasırovanıń dissertaciyalıq jumısında folklorlıq shıǵarmalardıń bir janrı qaraqalpaq xalıq aytıslarınıń lingvopoetikası analiz islengen [5]. "Qaraqalpaq xalıq aytıslarınıń leksikalıq poetikası" dep atalǵan birinshi bapta sinonimlerdiń, antonimlerdiń, frazeologizmler hám naqıl-maqallardıń, onomastikalıq birliklerdiń lingvopoetikalıq xızmetine toqtap, olardı hár tárepleme úyrengen. Keyingi bapta qaraqalpaq xalıq aytıslarınıń grammatikalıq poetikası úyrenilgen. Bunda morfologiyalıq birliklerdiń lingvopoetikası, ritorikalıq soraw gápler hám qaratpa aǵzalardıń lingvopoetikalıq ózgesheliklerine toqtaydı. Morfologiyalıq birliklerdin lingvopoetikalıq ózgesheliklerin atlıq hám feyil sóz shaqabı mısalında ashıp beredi. Atlıqlardıń subyektiv baha beriwshi qosımtalarınıń házirgi qaraqalpaq tilinde ónimsiz qollanılatuǵın túrleri olardıń kórkem estetikalıq ózgesheliklerine ayrıqsha itibar beredi. Tartım jalǵawlarınıń II bet formasınıń stillik, ekspressivlik xızmetlerde keliwine ayrıqsha dıqqat awdaradı. Sonday-aq feyil qosımtalarınıń lingvopoetikalıq analizine toqtap, házirgi tilde ónimsiz qollanılatuǵın kelbetlik feyil hám hal feyil formalarınıń aytıslar tilinde jiyi ushırasatuǵınlıǵın kórsetedi. Ritorikalıq soraw gáplerdiń, qaratpa aǵzalardıń, kórkem qaytalawlardıń lingvopoetikalıq ózgesheliklerine de usı bapta toqtap ótken. Jumıstıń sońǵı babında qaraqalpaq xalıq aytıslarınıń poetikalıq semantikasın keń túrde analiz isleydi. Metafora, metonimiya, sinekdoxa, teńewlerdiń lingvopoetikalıq xızmetleri ashıp beriledi.

Sońǵı waqıtları kórkem teksttiń estetikalıq xızmetine kóbirek kewil bólinip, onda paydalanılǵan til birlikleriniń semantikası, poetikalıq funkciyası tereń itibarǵa alınbaqta. Xalıq awızeki dóretpeleri arqalı oy-pikirler hártárepleme muqamǵa dóndirip jetkeriledi.

Tildi izertlewde jańa baǵdarlardıń, aspektlerdiń payda bolıp atırǵanı onıń birliklerin paydalanıwshılardıń sociallıq-jámiyetlik, ruwxıy-psixologiyalıq halatları menen baylanıstırıp úyreniw zárúrliginen kelip shıǵıp otır.

Sońǵı waqıtları ásirese kórkem teksttiń estetikalıq xızmetine kóbirek kewil bólinip, onda paydalanılǵan til birlikleriniń semantikası, poetikalıq funkciyası tereń itibarǵa alınbaqta. Kórkem sóz sheberleri shıǵarmaları arqalı oy-pikirin óz oqıwshılarına oy laboratoriyasınan ótkere otırıp hártárepleme muqamǵa dóndirip jetkeredi. Hár bir sóz sheberiniń shıǵarmalarınıń poetikasın úyreniw, ol arqalı qaraqalpaq tili baylıǵınıń qırları menen sırların ashıp beriw til biliminiń tarawı – lingvopoetikanıń aktual máselelerinen bolıp qaladı.

**Ádebiyatlar**

1. Абдиназимов Ш.Н. Лингвопоэтика. Нөкис, 2019.
2. Buxarbaeva J.J. T. Matmuratov asarlarining lingvopoetikasi. Filol. f. b. filos. doktori (PhD) diss. avtoref. – Nukus, 2024.
3. Ержанова Д.К. Ибрайим Юсупов поэмаларининг лингвопоэтик таҳлили. –Филол. ф.б. филос. доктори (PhD) дисс. автореф. -Нукус, 2021.
4. Казымбетова З.М. Ж.Избасқанов асарларининг лингвопоэтик таҳлили. –Филол. ф.б. филос. доктори (PhD) дисс. автореф. -Нукус, 2022.
5. Nasırova A.P. Qoraqalpoq xalq aytishuvlarining lingvopoetik tahlili. - Filol. f.b. filos.doktori (PhD) diss. avtoref. – Nukus, 2024.